



Sekirite Dèlko Pòtab



Dèlko pòtab ede rann lavi nou pi fasil pandan peryòd blakawout.

Espesyalman pandan sezon siklòn. Sepandan, benefis yo pa vini san pa gen risk.

Dèlko pòtab yo kreye gaz Monoksid Kabòn ki yon rezilta gaz k ap boule. CO se yon gaz ki pa gen koulè, ki pa gen odè e ki ka la kòz efè negatif sou sante, e menm lanmò.

Kèk règ sekirite pou swiv lè w ap itilize yon dèlko pòtab se:

1. Toujou swiv rekòmandasyon fabrik la pou ou byen itilize dèlko a.
2. Enstale omwens yon alam monoksid kabòn nan kay la pou alète ou si lafimen ap kòmanse.
3. Swiv direksyon van an. Menm ak separasyon, van an ka pouse gaz CO an nan yon kay, espesyalman si pòt yo ouvè a kòz blakawout.
4. Pa janm limen yon dèlko pòtab andedan yon bilding, anba yon tant, oswa sou tèt on kay.
5. Reranpli dèlko ak gaz APRÈ li fin refwadi ak LWEN de tout bagay ki ka limen.
6. Mete likid ak gaz ki ka pran dife yo (10 galon maksimòm) sèlman nan yon galon ki apwouve e ki byen fèmen
7. Si machin ou pake andedan garaj, itilize gaz ki rete nan machin ou aprè yo rebay kouran pou limite risk dife oswa eksplozyon lakay ou
8. Pa janm konekte dèlko pòtab nan priz aparèy pou seche rad. Itilize yon kontraktè elektrik ki gen lisans pou enstale yon aparèy koneksyon ki apwopriye.
9. An akò avèk kòd Ensandi Konte Palm Beach, "Anjen pòtab ki flamab dwe plase o mwens a 20 pye de yon bilding oswa twati li e moflè a dwe toujou nan yon direksyon ki lwen de estrikti bilding la.

